Nzira Dzauchawana Rumwe Ruzivo Kana Wapinda Mutsvagurudzo Kana Kuti Uine Dambudziko

Medical Research Council of Zimbabwe (MRCZ) iboka rakaumbwa neBazi Rezveutano nekuchengetedzwa kweVana Vadiki (Ministry of Health and Child Care) kudzivirira zvido zvevanhu vanopinda mutsvagurudzo. Tsvagurudzo dzose dzinoitwa muvanhu muZimbabwe dzinosungirwa kuongororwa nekubvumirwa neboka reMRCZ kana kuti komiti inoona nezvetsvagurudzo dzakarurama inozivikanwa nekutenderwa neMRCZ kuitira kuti kodzero, kuchengeteka nehunhu hwevari mutsvagurudzo zvichengetedzwe. Africa University Research Ethics Committee (AUREC) yakapihwa mvumo yekuongorora dzimwe mhando dzetsvagurudzo dzinenge dzichida kuitwa kuitira kudzivirira vanhu vanenge vari mutsvagurudzo idzi.

Naizvozvo, kana muchinge mavingwa nevatsvagurudzi kuti mupinde mutsvagurudzo, ikodzero yenyu kukumbira kuona chidhindo chemvumo cheMRCZ, kana Komiti yakapiwa mvumo yokuita izvi seAUREC. VeMRCZ vanofamba vachitarisisa nekutevera tsvagurudzo dzavakapa mvumo muZimbabwe. VeMRCZ vanopindura zvakare mibvunzo kana zvichemo kubva kune avo vanenge vapinda nutsvagurudzo. Chero ani zvake muvanhu vose anogona kuvachaira runhare, kupihwa ruzivo, kana kutaura zvaasingafari nazvo kana kuti zvichemo. Nhamba dzavo dzenhare panguva dzebasa dzinoti: 04-791792 kana 04-791193. Munogona kuvabata parunharembozha runoti; 0772 433 167 chero nguva uye runhare urwu rune WhatsApp. E-mail yavo inoti; mrcz@mrcz.org.zw

Patsvagurudzo dzinoitwa ne Africa University kana vanoshanda nayo, kana kuti tsvagurudzo dzinechitambi kana chidhindo che Africa University Research Ethics Committee (AUREC) munogona kuchaira AUREC runhare runoti +263 (20) 60075 / 60026 / 61611 kana kutumira e-mail ku aurec@africau.edu kana kubata veMRCZ.



Ruzivo urwu makarugadzirirwa neAUREC vachishanda pamwe neve MRCZ.

Africa University Research Ethics Committee (AUREC)
Fairview Road, Off Nyanga Road, Old Mutare
PO Box 1320,
Mutare, Zimbabwe
Tel: +263 20 60075 / 60026 / 61611
Email: aurec@africau.edu
Website: www.africau.edu

E D C T P
Funded by The European & Developing Countries Clinical Trials Partnership
(EDCTP)

AFRICA UNIVERSITY
United Methodist-Related Institution

Kodzero Dzako Maringe Nekupinda Mutsvagurudzo

Africa University Research Ethics Committee

AUREC

Hwaro Hweruzivo

Tsvagurudzo inzira dzakarongeka dzokutsvaga ruzivo runogona kubatsira mukunzwisisa matambudziko, kana kuongorora pfungwa dzakanangana nekugadzirisa matambudziko anowanikwa mukugara kwevanhu. Vanhu vanowanzokokwa kupinda mutsvagurudzo umo vanopindura mibvunzo, kupa ruzivo kana kupa zvinobva pamuviri wavo zvakadai seropa nezvimwe zvakadaro. Kunyangezvazvo tsvagurudzo yakanangana nekusimudzira hupenyu hwevanhu, kunedzimwe nguva apo tsvagurudzo dzakakanganisa hupenyu hwevanhu, mhuri kana vagarisani. Naizvozvo, vanhu vanopinda mutsvagurudzo vane kodzero yekuremekedzwa nekuchengetedzwa kune zvingangokanganisa hupenyu hwavo kubudikidza nekupinda kwavo mutsvagurudzo. Kukanganiswa kwehupenyu uku kungangove kumuviri, dzimwenguva kupfungwa, kuhukama hwemhuri, kumamiriro ezveupfumi kana kuchimiro chako munzvimbo yaunogara. Mugwaro rino, tinokupa ruzivo rwaunofanira kuve narwo pakukubatsira kusvika pakubvuma kana kuramba kupinda mutsvagurudzo.

Kodzero Dzako Kana Uchinge Wapinda Mutsvagurudzo

Kana ukakumbirwa kupinda mutsvagurudzo, unekodzero yekupihwa ruzivo rwakazara pamusoro petsvagurudzo iyoyo kuti ukwanise kuona kuti ungade kupinda mairi here kana kwete. Ikodzero yako kubvunza mutsvagurudzi mibvunzo yakanangana neizvi. Ikodzero yako kubvuma kupinda mutsvagurudzo kana kusapinda, uye pasina kumanikidzwa kana kutyisidzirwa. Unekodzero yekunyatsotora nguva yakakwana usati wasvika pakusarudza kuti woita zvipi. Hapana zvakaipa zvinoitika kwauri kana ukafunga kusapinda mutsvagurudzo.

Ndezvipi Zvaunofanira Kuziva Kana Wafunga Kupinda Mutsvagurudzo?

Usati wasvika pakusarudza kupinda kana kusapinda mutsvagurudzo, mutsvagurudzi anosungirwa kukupa ruzivo urwu pamusoro petsvagurudzo:

- Zvikonzero zvaita kuti tsvagurudzo iyi iitwe.
- Ndezvipi zvaita kuti ukumbirwe kupinda mutsvagurudzo?
- Zvatariswa kuti usarudzwe kuve mumwe wevarimutsvagurudzo.
- Uwandu hwevanhu vari mutsvagurudzo kusanganisira newe.
- Zvizere pamusoro pezvichange zvichiitwa mutsvagurudzo iyi.
- Zvauchakumbirwa kuti unge uchiita kana wapinda mutsvagurudzo.
- Tsvagurudzo iyi ichatora nguva yakadii?
- Zvimwe zvaunogona kusangana nazvo zvinokonzera marwadzo kana kukanganisa hupenyu panguva yaunenge uri mutsvagurudzo.
- Zvaungangorasikirwa nazvo.
- Migove yaungangowana.
- Zvakazara maererano nemibhadharo kana mari yaungangodzorerwa.
- Ruzivo pamusoro peavo varimutsvagurudzo runonga rwakachengeteka zvakadii?
- Zvikonzero zvingangoita kuti munhu anenge ambopinda mutsvagurudzo akumbirwe kusaenderera mberi.
- Nhamba dzerunhare kana kero yevanhu vanogona kukupa rumwe ruzivo rwaungangoda, kana kupindura mibvunzo yaunenge unayo pamusoro petsvagurudzo, kusanganisira zvaungaita kana wawirwa nenjodzi uri mutsvagurudzo.
- Nzira dzaunozoziviswa nadzo pamusoro pezvichabuda mutsvagurudzo.

Mibairo Ipi Yauchazowana Kana Wapinda Mutsvagurudzo?

Tsvagurudzo dzakawanda hadziitwe dzakanangana nekuti munhu pachake agozviwanira mubairo. Zvakadaro hazvo, kana wapinda mutsvagurudzo unenge uchitobatsira mukugadzirisa matambudziko anonetsa mukugara kwevanhu munyika.

Kubhadharwa Kana Uchinge Wapinda Mutsvagurudzo

Uchatsanangurirwa nezvokubhadharwa panguva iyo uchapa mvumo ineruzivo pamusoro pekupinda mutsvagurudzo. Dzimwe tsvagurudzo dzinogona kunge dzisina mari yokukupai, ukuwo dzimwe dzinokupai mari inokwanirana nemitengo yechikafu nezvokufambisa zvamuchazoshandisa. Mibhadharo iyi haifaniri kukura zvakanyanya kuitira kuti musazokwezwa kuita zvamaisazoita nokuda kwemari.

Chii Chichaitika Kana Ukafunga Kubuda Mutsvagurudzo?

Unekodzero nguva dzose yekubuda mutsvagurudzo chero nguva, uye nechikonzero chero chipi zvacho. Hausungirwi kutsanangudza zvikonzero zvako zvekubuda chero kunaani zvake, asi izvi zvaizobatsira mutsvagurudzi kuziva nezvazvo. Semufananidzo, ungangodaro wavekusanzwa zvakanaka pamusoro pekuvamutsvagurudzo kudarika zvawaifungidzira, kana kuti tsvagurudzo irikutora nguva yako yakanyanya. Hapana ane mvumo yekukumanikidza kuti urambe uri mutsvagurudzo kana usisadi. Zvisinei, zvingangobatsira kutaura zvirikukunetsa kune mutsvagurudzi usati wabuda mutsvagurudzo. Kana ukabuda mutsvagurudzo umo wanga uchipihwa mishonga kana kuti umowanga uri pamatanho ezvimwe zvinoitwa zvehutano, zvinokubatsira kana ukazivisa vatsvagurudzi nekuti ungangoda kuongororwa kana kupinzwa pamamwe matanho anofanira kuitwa usati waregedza tsvagurudzo. Izvi zvinoitirwa kuti usazosangana nematambudziko kubudikidza netsvagurudzo iyi. Haufaniri kumanikidzwa kudzoka kuzoongororwa, asi zvakakosha pakuchengetedzeka kwako kuti uzviite. Kana ukanzwa marwadzo kana kurwara zvaunofungidzira kuti zvauya kubudikidza netsvagurudzo, unofanira kuzivisa vatsvagurudzi, zvisinei nekuti ucharamba uri mutsvagurudzo kana kwete.